

Onè pou ou Paran/Responsab Legal Molly,

Rapò sa a se yon rezime pou montre kijan Molly te travay nan Egzamen Matematik nan Pwogram Egzamen Eta Nouyòk ki te fèt nan prentan 2023. Nòt egzamen an se yon fason pou ede ou konprann kijan ptit ou te konpoze; **men, nòt sa a pa montre tout sa Molly konnen ak tout sa li ka fè. Nou bay rezulta Egzamen Lang ak Literati Anglè (English Language Arts, ELA) ak Egzamen Matematik pou Klas 3èm ane jiska 8èm ane pou detekte kijan elèv yo travay men nou pa pral mete yo nan relvenòt ofisyèl Molly oswa dosye akademik pèmanan li.**


## TRADIKSyon



<https://www.nysesd.gov/state-assessment/grades-3-8-ela-and-mathematics-score-report-and-understanding-report-samples>

NÒT  
MOLLY  
ANE SA A

**483**  
NIVO 4



## NIVO PÈFÒMANS

### NIVO 4

Elèv ki gen pèfòmans nan nivo sa a, maton anpil nan estanda akademik yo pou klas yo ye a.

### NIVO 3

Elèv ki gen pèfòmans nan nivo sa a konpetan nan estanda yo pou klas yo ye a.

### NIVO 2

Elèv ki gen pèfòmans nan nivo sa a, konpetan an pati nan estanda yo pou klas yo ye a.

### NIVO 1

Elèv ki gen pèfòmans nan nivo sa a pa konpetan menm nan estanda yo pou klas yo ye a.

## MOLLY TE SATISFÈ NÒM ETA A

Pou wè deskripsyon sa elèv sa yo konnen ak ka fè, ale nan:

[www.nysesd.gov/state-assessment/next-generation-grades-3-8-learning-standards-performance-level-descriptions](https://www.nysesd.gov/state-assessment/next-generation-grades-3-8-learning-standards-performance-level-descriptions)

## KORE REYISIT MOLLY

> Kontakte pwofesè Molly epi mande li ki domèn ki pi difisil pou Molly.

> Mande lekòl la kijan ou pral resevwa rapò sou pwogrè Molly regilyèman.

> Si sa nesesè, mande sèvis sipò pou elèv tankou sèvis konsèy ak sèvis oryantasyon eskolè pou yo kapab ede Molly reyisi pi byen.

> Gade travay Molly fè nan klas la ak devwa li fè lakay ansanm ak li pou wè kijan Molly ap fè pwogrè.

Pou plis enfòmasyon konsènan egzamen sa a, estanda Eta Nouyòk yo, ak fason ou kapab ede Molly, ale nan:

<https://www.nysesd.gov/state-assessment/grades-3-8-ela-and-mathematics-tests>

Nòm Aprantisaj Eta Nouyòk pou Matematik dekri kisa Molly sipoze konnen ak kapab fè nan chak nivo klas. Seksyon sa a montre kantite pwen Molly resevwa pou kesyon ki mezire konsèp matematik pi enpòtan yo nan nòm yo nan nivo klas sa a.

NÒT MOLLY	SOU	NÒT MAKSIMÒM
12	SOU	13
NÒT MWAYÈN POU ELÈV NYS YO 8		

NÒT MOLLY	SOU	NÒT MAKSIMÒM
14	SOU	16
NÒT MWAYÈN POU ELÈV NYS YO 8		

NÒT MOLLY	SOU	NÒT MAKSIMÒM
10	SOU	13
NÒT MWAYÈN POU ELÈV NYS YO 8		

### NONM AK OPERASYON NAN BAZ DIS

Nan seksyon sa a, nou te mande elèv yo pou:

- konprann sistèm valè pozisyon an; li, ekri, ak konpare de (2) desimal rive nan milyèm; sèvi ak sa yo konprann nan valè pozisyon an pou awondi desimal a nenpòt ki plas;
- fè adisyon, soustraksyon, miltiplikasyon, ak divizyon avèk nom antye ki gen plizyè chif epi avèk desimal rive nan santiyèm.

### NONM AK OPERASYON - FRAKSYON

Nan seksyon sa a, nou te mande elèv yo pou:

- sèvi ak fraksyon ekivalan kòm estrateji pou adisyonе ak soustrè fraksyon ki pa gen menm denominatè, sa gen ladan nonm miks;
- miltipliye ak divize fraksyon; miltipliye fraksyon ak yon nonm antye oswa ak yon fraksyon nan chèche solisyon pwoblèm lavi reyèl.

### MEZI AK DONE

Nan seksyon sa a, nou te mande elèv yo pou:

- rekonèt volim kòm yon atribi fòm solid epi konprann konsèp mezi volim;
- fè rapò ant volim ak operasyon miltiplikasyon ak adisyon yo;
- rezoud pwoblèm lavi reyèl ak matematik ki gen volim ladan yo.

Tanpri sonje elèv ki gen yon Pwogram Edikasyon Endividiyèl (Individualized Education Program, IEP) oswa Plan Adaptasyon Seksyon 504 (Plan 504) ki endike pou yo li egzamen yo awotvwa ta dwe resevwa aranjman pou egzamen sa a, dapre endikasyon espesyal ki nan IEP an/ Plan 504 la.